



# SOUVNI DANTAN

*Jean Marc ESTERLIN*

Ak patisipasyon

*Shanna JACQUET*

*Harry LOCHARD*

*P. Smadone LUZINCOURT*

*Alain Mackendy JOSEPH*

*Emmanuella PARISIEN*

*Marcus David BIEN AIME*

*Fabiola LOUIS*

*Pierre-Erick BRUNY*

*Junia MONNAY*

*Jean Marc ESTERLIN*

*Nadine FRANCILLON*

*Wishlove DAVID*

**IDE AK KONSEPSYON**

Jean Marc ESTERLIN

**LEKTI E REVIZYON**


Marcus David BIEN AIME  
Pierre-Erick BRUNY  
Jean Marc ESTERLIN

**REYALIZASYON**

Jean Marc ESTERLIN

**PATWONE PA**

**M.A.L.E** - Mouvman Ayisyen  
Lib e Endepandan



*"YON PÈP KI PA  
ANKRE NAN  
TRADISYON L E KI  
INYORE RASIN LI PA  
KA YON PÈP DJANM."*

**M.A.L.E**

**REZIME**

Entwodiksyon ..... p.4

Jean Marc ESTERLIN

Bèl plezi ! ..... p.6

Shanna JACQUET

1991 ..... p.7

Harry LOCHARD

Ayiti dantan! ..... p.9

P. Smadone LUZINCOURT

Bouske ..... p.10

Alain Mackendy JOSEPH

Men marèl ..... p.12

Emmanuella PARISIEN

Mwen sonje lakay ..... p.15

Marcus David BIEN AIME

Moman vakans ..... p.16

Fabiola LOUIS

Tete dèyè a pou mwen ..... p.18

Pierre-Erick BRUNY

Bon vye tan ..... p.21

Junia MONNAY

Lòt bò rivyè a ..... p.24

Jean Marc ESTERLIN

Nèf pou nèf ..... p.26

Nadine FRANCILLON

Anperè a nan vale a ! ..... p.28

M.A.L.E - Mouvman Ayisyen Lib e Endepandan

Layite w Thòya ..... p.29

Pierre-Erick BRUNY & Jean Marc ESTERLIN

Ayiti ka bèl ..... p.30

Wishlove DAVID

Konklizyon ..... p.31

Marcus David BIEN AIME



## ENTWODIKSYON

**P**ale de souvni w se yon bèl bagay. Men, se pa tout eksperyans ki fasil pou w rakonte. Sitou, si li pat yon bon menmwa. Chak grenn Ayisyen gen yon moman ki make vi yo lè yo t ap grandi an Ayiti. Gen nan nou ki te gen chans viv de moman, nan jenès nou, ki te vrèman agreyab.

Jenerasyon pa m nan, menm si nou pa janm gen chans konnen yon Ayiti ki estab, te viv kèk bon peryòd lè nou t ap grandi. Chak esperyans sa yo rann nou nostalji de pase sa yo kote nou te gen abitud reyini ak fanmi nou, vwazinaj nou yo ak timoun sou katye yo. Sitou, nan lanjèl...

Nan dokiman sa a, n ap rakonte souvni dantan ki make nou pou mete an valè sa ki te fè pati de anfans nou. Souvni sa yo pa sèlman reflekte yon pati nan lavi nou, men

yon tan nan paj listwa Dayiti. Nan chak grenn paj, w ap dekouvri yon istwa ki kapab sanble ak istwa pa w. Tout souvni sa yo reflekte yon tan nan listwa peyi a kote timoun yo te konn ap jwe e fè anpil aktivite san kè sote.

Ke dokiman sa a sèvi de memwa pou jenerasyon k ap vini yo pou raple yo ke jan peyi a te bèl, e kijan lavi a te senp nan fason nou te ankre nan tradisyon n ak bon mès nou yo. Mwen swete menm jan ZANSÈT yo itilize m pou raple nou de enpòtans pase nou yo genyen nan konstriksyon èt Ayisyen an, e mwen swete dokiman sa a pèmèt ke nou pran konsyans pou nou travay ansanm pou nou kapab pèmèt jenerasyon k ap vini yo jwi de bon souvni pa yo.



# *Bèl plezi !*

Lè mwen te nan 12 a 14 lane, mwen t ap viv nan yon kay ak 4 kouzin mwen. Nou te konn fè tout travay nan kay la ansanm. Jou samdi, nou leve bonè. Nou divize tach yo : Yon pati ap netwaye kay la epi lòt la ap prepare sinakwa pou granmoun ak jèn gason yo. Paske yo menm, yo te gen dwa rete nan kabann yo.

Lè nou finn fè tout bagay nan kay la, nou ranmase rad tout moun pou n al lave. Nou te rete nan tèt mòn Gresye. Mwen sonje jan chak moun pran yon kivèt plen rad mete sou tèt yo. Nou mache ak bonbon, dlo, pen ak manba an gwo, tout sa nou jwenn paske nou konnen n ap pase jounen an bò rivyè a. An Ayiti, jounen yo kòmanse bonè. 6è nan maten nou gen tan bò rivyè a.

Lè nou rive, nou divize rad yo. Mwen pat janm konprann kòman nou te fè gen tout rad sa yo pou lave. Rad, dra, kilòt, soutyen, rido, abako mesye yo ki te mekanisye ak anpil lòt bagay.

Nou separe rad yo epi kòmanse lave. Bay premye lave ak savon, aprè sa, pase nan fab epi bay 3 rense, san nou pa bliye fè dlo digo pou n rense rad blan yo. Rad yo te tèlman konn anpil, nou te oblije mete enpe sèch sou wòch ak branch bwa ki bò rivyè a pandan nou kontinye ap fwote rès rad yo.

N ap lave, bay blag, manje , chante e danse.

Lè nou finn lave, nou pliye rad ki sèch yo, nou ranmase rès yo. Aprè sa, se lè pou n al benyen.

Benyen nan yon rivyè se yonn nan pi bon plezi ki genyen nan vi a. Ou santi w lib menm si w ap kache pou lave pati entim ou pou moun pa wè w. Sitou, si w komanse gen jèn tibray ki kòmanse ap kase ti plim poul nan zòrèy ou. M pa kache di w ke nou te konn pran tan pou n benyen. Lè nou finn benyen, nou chanje rad, nou pran rad ki sèch yo, nou mete yo apa, nou pran wout la e nou rantre lakay nou.


Sa mwen bliye di. Pandan nan lave a, bò 11è, gen yonn nan nou ki retounen lakay la pou al prepare manje. Detanzantan, n ap founi je gade ki kote l ap soti ak manje a. Lè li resi vini, n ap manje yonn pa yonn pou lave a pa kanpe.

Lè n rive lakay, nou prepare rad pou dimanch paske nou te tèlman anpil fi pat gen moun ki te gen yon rad fiks. Premye rive, premye sèvi. Nan epòk sa, nou te menm gwochè. Fòk ou te rezève rad ou sinon ou gen dwa pat jwenn sa ou te vle mete a.

Après tout sa, nou rasanble nan chanm nan epi bay blag. Nou te konn bay blag jiskaske nou dòmi.

Peryòd sa manke m anpil. Nou pat menm remake ke nou sot pase yon jounen ap fwote.

**Shanna J.**





Kredi foto : Canva, lib dwa

## 1991

Pandan yon vakans lete, manmanm te gen yon zanmi fi ki te vin pase kèk jou avè l lakay la. Men, manmanm te toujou al travay nan si zè (6 zè) nan maten pou rive nan katrè (4 trè) aprè midi. Nan 3 pitit manmanm te genyen yo, se mwen menm ki te premye a e manmanm te gen abitud banm anpil manje lè li kwit manje lakay la. Chak lè manmanm al travay, li toujou kite nou ak zanmi l lan e se li menm ki te konn fè manje nan moman ke l te konn vin pase ak nou an.

Yon jou, dam nan te fè yon manje ki te byen gou, men kantite manje li te banm nan pat rive plen vant mwen. Pandan dam nan soti e mwen te santi m toujou grangou, mwen leve kouvèpla a kote manje manmanm nan te ye a, epi mwen pran mwatye ladan l. Aprè, mwen kouvri rès la sou tab la kote manje a te ye a. Men, m te di tèt mwen lè manmanm vini m ap di l se mwen menm ki pran nan manje l la. Men pòdyab, m pat konnen ki sa la nati te rezève pou mwen kòm rekonpans pou yon verite ke m ta pral chwazi bay manmanm. Lè li rantre soti travay, kòm li te kite lajan pou dam nan te fè manje a, li leve kouvèpla a epi li wè ke manje ki sou tab la manke mwatye. Li rele : Harry e li mande m : Pou ki moun manje sa a ki sou tab la ye?

Depi sou fason ke l poze m kesyon an ak ton li itilize a te gentan fè m santi ke m ta pral pase yon move moman. Lè m finn avwè l verite a, men m pat pè pou m te reponn li byen kal ak tout sajès. Mwen di l : Pou ou wi manman. Li di m : li pa ka pou mwen paske l manke yon bò. Ki moun ki pran ladan l? Mwen reponn li : Vant mwen pat finn plen se sa ki fè mwen te pran ladan l. Li mande m ankò : Èske se pou ou li te ye ki fè w pran ladan l lan ? Mwen reponn li ankò : Manman, vant mwen pat finn plen. Li di m : Mwen pral fè w kite dènyè mès pou lè yo pa ba w yon bagay pou w pa foure zig ou ladan l.


Ebyen, jou sa a te yonn nan pi move jou ke m te pase nan tout ekzistans mwen. Yon jou ke mwen pa e mwen p ap janm bliye. Mwen tèlman pa ka bliye jou sa a, se sa ki fè m kapab ap rakonte nou li byen konsa e jan l te pase a aprè 33 lane.

Manmanm chache yon kab telefòn nwa teleko yo nan epòk sa a, li mare 2 pye m ak kab la byen sere. Nou t ap viv nan yon ti kay ki te kouvri ak tòl, li pase kab la sou yon bwa travè anlè a anndan kay la. Li rale m monte tèt anba, li fèmen pòt li, epi l ap bat mwen ak yon lòt moso fil kab telefòn teleko. Ou konn tande moun di w yo pran chaplèt! Ou pat la, se di m ap di w. Mwen pran chaplèt pou m pa chape. Se gran mès yo vwazen sou kote a ki tande jan m ap rele a se kòm si ti souf mwen vle koupe. Li kraze pòt kay la pou l te delivre m e fè manmanm sispann bat mwen.

Ti istwa sa a, mwen deside pataje l ak anpil nan nou ki pral tonbe sou li pou m di nou kèlkeswa bagay yon ti moun ta va fè ke nou jije ki mal, pa ba yo mòd pinisyon sa yo depi yo ba nou verite a. Se mete yo chita e pale ak yo avèk anpil sajès. Esplike yo ki danje ke zak yo poze a gen ladan l san nou pa bezwen bat yo paske si nou bat yo pou yon verite ke yo ba nou, san dout pwochèn fwa a y ap oblije ba nou manti a. Aprè 1, 2, 3, 4 manti, l ap vini yon abitud e se yon move abitud l ap vin ye pou li. Si timoun sa a vinn yon mantè oubyen yon mantèz demen, se tèt ou kòm move paran pou w repwoche.

**Harry LOCHARD**





Kredi foto : Canva, lib dwa

# Ayiti dantan!

Tan ale, tan pa tounen. Pou anpil moun, sa se jis yon pawòl tafya. Men pou mwen menm avè w, ki te gen chans viv anfans nou nan peyi nou renmen anpil la, Ayiti, pa gen pi gwo verite ke pawòl sa a. Mwen te gen chans viv yon Ayiti ki te bèl, yon Ayiti ki t ap taye banda, yon Ayiti diferan. Nostalji anvayi m lè m sonje kijan sa te ye lakay mwen nan Lyankou ( Payen). Bon moman sa yo p ap ka soti nan memwa m.

Mwen sonje kote lè m t ap grandi, lekòl se pat yon jwèt. Timoun yo te gen anbasyon, nou te respekte yonn lòt, sipòte yonn lòt ak konekte ak yonn lòt. Se te yon plezi aprè wikenn nan, lendi pou nou wè tout tizanmi nou yo. Inifòm nou pwòp ak byen pase, zong nou byen fèt, cheve nou byen penyen, chosèt nou blan kou dan chyen. Sinon, nou t ap pran pinisyon pou pa pwòp. Pinisyon sa yo konn rezime ak swa kanpe devan nan yon liy ak lòt ki pa pwòp yo oubyen voye w lakay ou pou w al chache paran w. Sipèvizyon sa yo te konn fèt, lè nou nan liy pou monte drapo.

Pati mwen te pi renmen nan jounen lekòl yo, se moman rekreyasyon. Se te kè kontan sou tout lakou a. N ap fè tout kalite jwèt tankou : *sote kòd, Yaya ti wowo, chante alon bèl ti wòb*, elt. Se bagay ki konn fè m anvi tounen timoun.

Lòt souvni ki make m ankò se repitasyon ak mòd de vi moun Payen. Yo toujou ap fè efò pou yo aprann lekòl, nan tout konkou yo ale, yo te toujou vle genyen. Sa te enspire mwen menm tou pou m kwè nan tèt mwen e menm jan ak tout moun nan zòn nan pou m te reprezante l ak fyète. Pèsepsyon anpil moun se te depi w sot Payen ou pa ka anyen, mwen te santi yon obligasyon pou m travay yon fason pou m chanje imaj zòn nan.

Mwen sonje, nan anfans mwen, mwa desanm se mwa ki te gen anpil aktivite. Nou te konn ap tande bri dinamit tout kote, pid etwal k ap limen, konkou chante nwèl ak reveyon, se bagay nou pat negosye. Mwa desanm apèn fini, mwa janvyè poko menm sou 2 pye l, nou nan fèt pirèd. Timoun pat gen bouda chita, n ap mache kay an kay al wè tonton ak matant montre yo nou te anvi wè yo, poutan se zetrèn nou vinn chache. Nan peryòd sa a, moun pat pè moun, konfyans se te baz ki te garanti amoni nan mitan popilasyon an.

Souvni sa yo vrèman make m. Nou te konn pratike teyat, danse sou bon kout tanbou, chante bèl chan lespwa, patisipe nan konkou lekòl ak entè eskolè. Paran ak zanmi kanpe sou de ran ap aplodi, kote y ap di : pitit mwen an pa pè moun. Se te yon fason pou eksprime fyète ak kontantman yo.

Mwen anvi reviv Ayiti sa a. kote m te konn al nan jaden, al benyen nan rivyè, manje lam boukannen ak aransèl, manje kann, bwè kokoye. Wi, nou te santi n ap viv.

Ayiti ki genyen la a se pa li nou te gen avan. Ayiti se lanmou, se lajwa ak dousè. Mwen reve yon jou wè Ayiti sa a tounen pou pitit mwen viv bèl moman sa yo tou. Lè sa li p ap difisil pou yo devlope santiman apatenans yo ak peyi a e y ap jwenn rezon pou yo renmen e prè pou mouri pou bèl eritaj zansèt yo mouri kite pou nou an.

Ann pote kole pou n reviv tout bèl bagay Ayiti cheri nou an te pote pou nou.

**P. Smadone LUZINCOURT**



# Bouske !

Souvni pa m de peyi m anpil. Tout moun ki fèt ak grandi an Ayiti gen yon eksperyans pèsònèl ki kontribye nan fè yo moun yo ye jodi a. Nan lane 2005 - 2009 yo, mwen konnen anpil bèl souvni nan peyi m, espesyalman nan komin kote m soti a ki se Lewogàn, vil rèn Anakawona .

Pou m byen di nou, anfans mwen pat twò fasil pase sa. Mwen te tankou yon prizonye tèlman moun lakay mwen te sere boulon m. Mwen pat vrèman gen libète pou monte desann ak jwe, ni soti. Nan epòk sa a, pi gwo espas pa m se te rekreyasyon nan lekòl mwen lè m rankontre zanmi m yo.

Après lekòl, se te rantre lakay, manje, etidye ak fè devwa. Lanjeli p ap pranm pou m pa gentan nan kabann mwen paske kòk pat gen dwa chante pou je m pat klè e se pat dwa m tou pou m te anreta lekòl.

Après yon semèn monte desann byen long, jou samdi ak dimanch se ta jou pou n ta jwe e repoze, men poutan, se yo ki te pi di, pafwa menm pirèd ke yon jounen nan yon kou Trigonometri tèlman sa sere!

Jwe boul ak teke mab se te pi bèl pasyon tout ti jèn gason sou katye a. Men mwen menm pòdyab, mwen kanpe ap gade nan mitan kandelam yo se si gen tan yon zòtèy mwen a frape balon an. Lè se chans pa m, balon an konn travèse kandelam nan e tonbe lakay la. Mwen ta dwe touswit voye l ba yo pou jwèt la kontinye, men bagay yo pat fasil konsa paske fòk mwen te amize m tou. Mwen pa

bezwen di w jan mesye yo t ap fè move san, si se pa grann mwen ak presyon sentiwon y ap jwenn pas pa yo a lè m fini aaaa.

Lane 2005 -2009 se peryòd ki te pi enpòtan nan lavi m paske mwen te rive konprann misyon m antanke moun e antanke sitwayen ayisyen. Ak matirite mwen te vinn pran, mwen te wè bagay yo yon lòt jan e yo te kòmanse parèt pi klè.

Sa ki te make m anpil nan lane sa yo, se te yon aktivite yo te rele bouske ki soti nan yon vèb panyòl ki se *buscar*, ki vle di chèche.

Nan epòk sa a, jèn gason ak jèn fi te gen swaf pou chèche konnen tout sa ki te enpòtan, e ki te ka pote limyè pou yo sou sa ki gen pou wè ak listwa peyi yo. Epi te gen grandèt ki te gen volonte, lè yo te wè sa, pou ankonpaye jèn sa yo nan swaf konnen yo. Lajenès pat lage tankou pitimi san gadò, yo te jwenn tout lanmou ak ankadreman grandèt yo. Se sila sa yo tou ki te konn vini devan paran ti jèn sa yo kòm yon siy konfyans pou asire paran yo ke ti jèn fi a oubyen gason an ap byen ankonpaye.

Ki donk se nan bouske mwen te rive dekouvri e konnen anpil bèl kote. Pa egzanp, Abitasyon Lakonb nan Lewogàn, Fò Papoudriyè - yonn nan fò Papa Nasyon an te bay lòd pou konstwi ak sèvi kote pou fè poud kanon pou tout Repiblik la.



Ansye sa yo, anpil nan yo transmèt konesans yo brital, men itil. Nan anpil peyi an Afrik, grandèt sa yo gen anpil enpòtans, yo rele yo *Griyo*. Se poutèt sa, yo konsidere yo tankou bibliyotèk tradisyon nou yo. Bò lakay nou se granmoun Tèt blanch.

Yon moniman se pa yon bagay okenn peyi pran vay ke vay. Menm jan an tou, an Ayiti nou dwe kòmanse konprann enpòtans ak valè granmoun sa yo. Ekri souvni sa a ofri m yon privilèj pou m mande pote yon atansyon espesyal ak yo paske anpil ladan yo te viv kèk gwo moman nan listwa peyi a e ta dwe sèvi yon pasasyon de tradisyon nou.

**Alain Mackendy JOSEPH**





# Men marèl

Mwen sonje nan lane 1998 a 2000, kòman mwen te ye lè lekòl la pral ouvri. M ap tann tout sa manmanm pral achete pou pote pou mwen pou m kapab rantre lekòl, se te bèl bagay nèt. Men sak te plis motive m se te pou lane lekòl la fini rapid pou m te kapab retrouve m pami tout sè m yo, paske m pat twò gen zanmi. Tout kondisip mwen yo pat rete prè m, men sè m yo te toujou la pou mwen pou nou kapab jwe, sitou yon ti sè m. Lè gran vakans rive se te opòtinite pou mwen amize m avèk kouzin mwen yo k ap soti andeyò. Se te jwa m pou m ak yo.

Lè konsa lakou lakay mwen cho kou vè lanp tèlman gen bri. N ap danse, n ap sote kòd, manje, al pran dlo, epi griyen dan. Nou te konn fè tout kalte jwèt, men nou pat janm santi fatig paske se moman tout timoun te swaf rive.

Lè lanjelis tonbe, gwo lalin nan syèl la te eksite nou plis fè jwèt kouri. Lè sa a, nou fè yon ran. Yonn aprè lòt, epi yonn devan n ap chante *louloup louloup eyap pap (3) pa gen grenn bannann eyap pap; de fig mi eyap pap*. Se te plezi, chak moun nou kenbe ki pa nan ran an tou deyò. Se te kè kontan.

Se te jwèt mwen pat negosye pou senk kòb. Non sèlman nou t ap jwe, men nou t ap fè egzèsis ki te tou pèmèt nou devlope kapasite fizik nou. Lè konsa, nou swe pase pitit bouki e nou te konn soule pase poul ki sot manje ma kokoye ke yo sot fè kremas. Souf mwen wo paske se jwèt mwen te renmen anpil anpil.


Menm Ke m konnen aprè lè m ap gade pye m, yo sal. Nou te konn tonbe yonn sou lòt pandan n ap vole nan jwèt la paske m p ap dakò yo kenbe piti ki dèyè do m yo nan ran an.

Nou te konn anmize nou anpil. Lè sa a, n ap priye Bondye pou vakans lan pwolonje. Mwen sonje te gen yon ponp dlo ki pat twò lwen lakay la. Yo te batize l ponp Tijàn. Tout moun se ladan pou y al lave e se ladan tou pou n al benyen, sitou lè chalè ap monte. Dlo a gou e li bèl. Nou te konn pran dlo met nan ti galon pou nou vide sou tèt nou lè nou finn jwe paske manmanm p ap kite m dòmi ni al moute kabann ak pye m tou sal. Pafwa, m konn veye l, mwen mouye yon twal e m jis pase l nan pye m. Men lè nou pa deside dòmi bonè menm, li kite nou deyò a, tanzantan li parèt pou l fè nou sonje fòk nou vinn dòmi paske l ta. Men pou nou, se jwèt la ki te entèrese nou plis.

Akoz de jwèt marèl, atè a te toujou gen mak paske nou pa ka pa jwel menm lè solèy la cho. Pafwa nou pran yon ti poz jis pou n al manje, men avan bat je nou gen tan nan jwèt pirèd. Se pou tout rezon sa yo, nou toujou ap tann vakans lan. Lè lekòl, gen bagay nou pa ka fè paske fòk nou etidye pou nou ka fè bon mwayèn. Se vre nou te renmen lekòl, men moman vakans lan nou pat negosye l.

Pou m retounen nan marèl la, nou trase l kare, nou make nimewo anndan kare a de 1 rive nan 9 e sak pou ta fè 10 la, nou rele l syèl. Aprè, nou pran yon ti sachè, nou mete labou andedan l e nou mare sachè a. Nou mete l nan yon grenn chosèt e mare l. Nou te konn itilize l pou nou kapab kanpe deyò, epi voye ti sachè a pou l tonbe nan yonn nan nimewo yo. Epi mwen kite l ladan l. Mwen ale, lè m rive nan 8 a 9 la mwen retounen. Lè m ap retounen an, m pa mete pye m nan 1 an, mwen depozeze l nan 2 a epi mwen bese pran ti sachè m te mete a epi m sote sou yon pye tonbe deyò.

Rès souvni an →





Kredi foto : Canva

Mwen te kontan anpil pou chak fwa vakans pral rive paske se te yon bèl moman pou tout timoun, sitou pou mwen. Men kounye a, nou pa jwenn ti moman sa yo ankò. Tout tradisyon nou yo finn ale, pa gen tèren vid ankò pou nou moute bekann, nou pa sote kòd ankò, nou pa tire kont, pa gen fè wonn pou y ap bat tanbou pou timoun yo danse ankò, nou pèdi majorite bagay sa yo.

Nou vinn pa ka fè diferans ant lè gen lekòl ak lè pa genyen. Tradisyon nou yo pa respekte ankò, timoun andeyò pa ka rantre lavil ankò, timoun lavil oblije ret andeyò, men yo pa ka reponn ak 50% sou tradisyon nou.

Mwen anvi tradisyon nou yo tounen ankò pou nou reviv bèl man sa yo, pou timoun k ap ranplase nou yo kapab viv yo paske se te bèl bagay. Mwen pa ka bliye tout bèl moman sa yo paske yo make anfans mwen.

Bay timoun yo chans yo pou yo viv anfans yo!

**Emmanuella PARISIEN**





# *Mwen sonje lakay!*

Mwen pa imajine m ki te ka fèt nan yon lòt peyi ke Ayiti.  
Mwen pa imajine m ki te ka fèt nan yon lòt vil ke Jeremi.

Yon vil ki fè m mwen. Yon vil ki fè m byen.

Gen anpil souvni, si m kòmanse pale m p ap manke pawòl,  
men mwen ka manke tan.

Yonn nan pi bèl souvni mwen genyen pandan mwen t ap  
grandi Jeremi, se swaf lajenès te genyen pou konesans.  
Se enpòtans tout moun nan vil la te bay lekòl. Menm si yo  
pa gen lajan pou ba w, men lè w pote yon bèl kanè, se  
tout zòn lan k ap fete ak ou.

Mwen sonje yon lè m ap sot pran leson. Mwen te jèn ti  
gason. M ap mache apye pou m moute mòn lan. Men fòk  
mwen di nou, m pat gen fòs ki te rete ankò paske jounen  
an te long anpil. Mwen t ap mache ti pa paske pye m t ap  
fè m mal.

Pandan m ap mache konsa, gen yon moto ki kanpe kote  
m nan. Mesye a salye m, li di m li rele Mayestwo Fanfan. Li  
di m li fin pase bò kote m lan, men lè li wè se inifòm ki sou  
mwen, li oblije tounen pou l banm woulib, paske pa gen  
anyen ki di l se pa yon fiti prezidan peyi a ki devan l lan.

Woulib la te enpòtan anpil pou mwen, men se pawòl li  
pwononse a ki make m e mwen p ap janm bliye.

Pawòl sa a mete yon presyon sou do m pandan m ap  
grandi paske mesye a mete yon motivasyon nan mwen , e  
mwen vle goumen pou m pa fè li gaspiye ti woulib li te  
banm lan.

Souvni m de moun Jeremi, de sitwayen nan vil la , se  
bagay mwen p ap janm bliye. Lanmou yo ak ankadreman  
yo te banm fè m kanpe ak tèt mwen byen wo jodi a pou m  
di : mwen se moun Jeremi.

Mwen fèt granmoun paske tout anvirònmanm se te  
granmoun. Te gen granmoun 10 lane, te gen granmoun 19  
lane, te gen granmoun 60 lane. Se pa laj k ap fè w gran,  
men se yon eta dam.

Mayestwo Fanfan se moun ki banm pote plis chay nan  
lavi m. Li fè m wè nan mwen sa ni mwen ni anpil lòt moun  
pat wè. Jodi a si w renmen sa Marcus devni. Mayestwo  
Fanfan te mete gaz nan motè m.

Mwen anvi tounen lakay mwen pou m al wè peyizanm yo,  
pou m al wè si yo toujou gran paske yo te make tan pa m  
lan .

Tout sa a, pou m di w, peyi w ap viv ladan l jodi a, pat  
toujou nan eta nou wè l la. Pat gen lontan de sa, Ayisyen  
te fèt ak tout kolòn vètebral yo.



Sa pa gen lontan, Ayisyen te toujou gen kwayans, men konesans te toujou an  
prijorite. Sa pa gen lontan, nou te toujou renmen fè sèks, men se pa de sa  
sèlman jèn gason ak jèn fanm te konn pale. Sa pa gen lontan an Ayiti, te gen  
konpetisyon ant elèv ak elèv pou wè kiyès k ap gentan finn li plis liv pou ane a.  
Sa pa gen lontan, lè w gade lajenès ou te ka wè espwa pou yon pi bon e pi bèl  
peyi.

Sa pa gen lontan, tèt te gen plis valè ke bouda nan peyi a. Sa pa gen lontan... Wi  
nou fè anpil bak, wi nou anreta, wi tou, nou se pèp ki konn fè listwa. Nou se ras  
moun ki kwè nan diyite. Nou se ras moun ki kilbite, men ki pa tonbe.

Jou a rive pou lajenès pase men nan figi l. Nou pi plis, nou pi jèn , nou gen plis  
tan pou n fè ap viv nan peyi a. Ann kontwi lespwa! Ann konstwi Ayisyen pou  
rebati Ayiti!

**Marcus David BIEN AIME**





Kredi foto : Pierre-Erick Bruny

## Moman vakans...

Mwen tèlman gen souvni de Ayiti, mwen prèske pa konn kiyès ladan yo pou m rakonte. Men, nan tan pa m nan, peyi a te tèlman bèl. Mwen te gen chans pwomennen nan kèk zòn ladann tankou poul k ap chèche nich pou ponn ze.

Mwen sonje lè vakans desanm rive, te gen tèt ansanm sou katye yo. Tout moun te konn tout moun. Zòn yo te bèl. Nou tout ak bale ap fè pwopte. Timoun yo ap jwe ansanm; jèn yo ap pentire pye bwa; y ap sekle; y ap fè plas yo bèl. Se te bèl epòk kote granmoun ak pip chita ap sipèvize n.

Lè timoun yo ap jwe antre yo, granmoun yo reyini ap pran plezi yo pandan y ap siveye n. Nan moman sa yo, timoun tekonn melanje ak granmoun pou tire kont. Se te bèl vi!

Depi w tande 24 desanm rive jis pou rive 31, sa ki rele dòmi nan kabann nan se pat pou nou. Se lè tou timoun legal pou yo bwè ti kremas yo pou rive premye janvyè. Wouyyy! Jou ki premye janvyè a menm, se te gwo kafetyè kafe ak gwo kasav. Chodyè soup menm se pa pale. Nou te konn rete vant deboutounen. Te gen vi! Depi banjou kase, timoun kou granmoun gentan benyen pou y al wè zanmi ak fanmi yo. Lè konsa, ou menm kòm timoun, ou abiye ak bèl ti kako w sou ou. Se kale chèlbè w!

Volim nostalji an fò sou mwen! Mwen anvi pitit mwen viv bèl moman sa yo!

**Fabiola LOUIS**





# Tete deyè a pou mwen!

Pou anpil nan nou ki pat gen chans jwi Ayiti pa m nan, vakans pa m nan, andeyò pa m nan te diferan, Ayiti pa m nan kontinye diferan.

Nan tan pase a, gen yon moman nou tout t ap veye, nou te rele l gran vakans, ou byen vakans 3 ( twa) mwa. Se te moman pou paran nou yo voye nou al pase vakans ak grann ou byen tonton. Pa gen pi bèl moman ke sa.

Lè w rive jwenn grann se tankou yo voye w al angrese pou w tounnen. Sa k bèl la se lè w rive an pwovens lan. Tout bagay natirèl : patat la, manyòk la, kann nan, milton an, joumou an, elt... Yonn nan souvni ki plis make m se "tete deyè a" kisa ki tete deyè a ? Lè n rive an pwovens, premye bagay yo fè se fèmen bèf la pou w ka jwenn lèt pou w bwè.

Fèmen bèf la, se pran manman bèf la e ou sere l yon kote pandan 2 ( de) jou pou ti bèf la pa jwenn li. Men, fòk ou ba li bra banann pou l ka bay anpil lèt. Souvan, nou sere bèf la lwen deyè mòn yo oubyen nou pase anba gwo jaden kafe yo pou desann nan ravinn nan pou nou sere bèf la.

Lè manmèl bèf la kòmanse plen epi tete yo tire, l ap fè gwo bri tankou *mouuuu*, se sa k fè ou dwe sere l lwen pou ti bèf la pa tandè. Konsa tou, gen ti bèf ki konn rive jwenn manman an. Lè sa a rive, ou travay anven.

Gen twa lè ki toujou priyorite pou w al tire bèf la. Se nan maten bònè oubyen nan 2 ( de) zè après midi oubyen nan lanjèl. Pou mwen, meyè lè a se nan 2 zè a, lè solèy la cho.

Gen 2 fèmen bèf : yonn pou w tire lèt la pou bouyi pou tout moun e yon lòt pou w bwè lèt la tou kri anba manmèl la.

Lè se pou bouyi a, nan tire lèt la ou jwenn lapòy la. Kisa ki lapòy la? Lapòy la se lè ti bèf la konte 4 ( kat) tete yo yon premye fwa, epi ou tire lèt ki pral lakay la pou bouyi a. Aprè ti bèf la vinn rekonte ankò, se sa a yo rele lapòy.

Mwen sonje kòman sa te ye. Mwen te gen 2 ( de) tontonm plis yon kouzenm, lè yo fèmen bèf la pou nou bwè lèt kri a, chak moun te gen yon tete. Men, mwen se toujou tete deyè a paske li gen plis lèt epi li gen yon ti gou dous. Plezi ki genyen an se bwè anba manmèl la pandan gen yon radyo k ap jwe ki sou ginen k ap pase mizik samba yo. Nou pat janm al tire lèt la san radyo sa a.

Anpil fwa, bèf la konn mechan, sa vle di nan tan pou w mare 2 ( de) pye bèf la ti bèf yo konn fè w fè anpil defisi. Yo konn gentan bwè pi fò lèt la. Toutfwa, mwen sonje yon jou jedi nan après midi, se te mwen ak tontonm sèlman ki t al tire bèf la. Pandan m ap souse tete deyè a, bèf la te manje yon kòdagrenn. Kòdagrenn nan se yon zèb ki fè bèf la gra. Li konn menm pa ka fè pitit ankò pou twòp grès. Pandan tete deyè m nan bouch mwen, se santi mwen santi yon bagay cho ap vide sou mwen, bèf la pou pou sou vizaj mwen. Mwen oblije netwaye vizaj mwen ak ke bèf la epi tire lèt bèf la pou m lave vizaj mwen. Lè sa a, mwen santi lèt bèf kote m pase. andedan m se lèt, deyò m se lèt.

Rès souvni an





Kredi foto : Canva, lib dwa

Se te yon bèl moman, e lè sa a fòk ou pote yon ti dlo pou w lave manmèl bèf la, tete yo, epi pou w siye yo ak ke bèf la. Anplis, dwe gen yon moun ki kenbe ti bèf la pandan yonn nan nou ap bwè lèt la. Men lòt bèl moman ki te genyen ankò, se mwen ki te pi piti, sa vle di lè yo finn tire lèt ki pral bouyi a, yo banm pran yon tete epi pi gran yo rete, e m pran galon lèt la pou m pote lakay.

Sa w dwe konnen tou, nan bouyi lèt la konn gen diskisyon. Li te konn fèt pou 2 (de) bagay : kim lèt la ak graten lèt la. Mwen menm se kim lèt la ki entèrese m. Mwen ak louch mwen nan menm m ap veye lè lèt la moute, sa vle di li fè kim pou m pase louch la pou m pran kim lèt la pou m bwè. Souvan, si m jwenn kim nan graten an se pou kouzenm nan e si kouzenm nan jwenn kim nan graten an se pou mwen.

Tete dèyè a manke m anpil paske se te yonn nan bagay ki te ba w anvil al pase vakans. Ti bèf yo manke m paske te gen yon relasyon ant men w ak tèt ti bèf yo lè w ap fè l konte tete yo. Diskisyon anba manmèl la manke m paske anba vant bèf la se te yon konbit ant neve ak tonton epi kouzen, pafwa zanmi. Anba vant bèf la te gen yon relasyon egal ego. Mwen te gen chans viv anba bèf la. Mwen te gentan jwi ti bèf la. Mwen espere jenerasyon k ap vini yo ap jwenn tete pa yo a.

**Pierre-Erick BRUNY**







## *Bon vye tan...*

Se avèk anpil kè kontan mwen vinn pale nou kòman vakans te ye pou mwen.

Nan kèk ane pase, vakans pou mwen se te yon plezi. Se te jwa m ni pou lòt timoun yo tou. Lè vakans rive, mwen te toujou kontan paske m ta pral jwe avèk lòt tizanmi bò lakay mwen yo. Mwen te toujou vle pase tan ak yo paske ti frè m nan potko gran ase.

Lè w tande vakans, se vakans. Nou pran anpil plezi, nou jwe e nou fè anpil dezòd tou paske lakay la pat janm konn rete pwòp. Tout sa m jwenn m ap manyen, kraze, kouri, moute kabanm manman m nan ak sal dra yo. Men konsa, mwen te konn manje anpil ti baton nan men l tou, men sa pat anpeche m fe jwèt.

Mwen te renmen sote kòd. Lè n ap sote kòd konsa, nou te toujou ap chante : *yon dous yon cho, piman pike*. Lè w nan kòd sa, n ap sote jouk nou bouke.

Mwen te konn jwe *Toukay*; yon jwèt pou n te fè 6 twou anlè e 6 anba nan tè a. Epi pou m pran 48 grenn wòch e mete 4 grenn wòch nan chak twou yo. Pou m kòmanse, mwen chwazi yonn nan twou yo e ranmase wòch ki ladann nan epi pou m mete nan tout lòt yo jiskaske li bout. M ap ranmase l si li gen woch ladan l pou m kontinye, men si li pa genyen se yon sèl la ki nan menm, m ap lage l nan twou vid la. Lè sa rive, se tou pa lòt moun nan, li pral fè menm demach la. Men si twou a te gen 3 grenn ladann, lè m mete grenn ki nan men m lan li fè 4. M ap ranmase l, mwen mete l bò kote m paske se manje m.

Epi mwen kontinye tout tan m ap genyen e m ap manje plis. Avan yon lòt moun jwe, fò m pèdi. Se te plezi m. Men m pat yon timoun ki te tèlman konn rete lakay mwen. Souvan, mwen te renmen al pase bèl ti moman ak kouzin mwen yo.

Anfans mwen te bèl paske se te yonn nan okazyon pou m jwi moman timoun mwen. Viv vakans ! Viv lavi anfans lontan ! Lè mwen ak ti zanmi m yo rankontre, nou te konn fè yon ti jwèt ki rele *Pla men cho*. Yon moun ap bouche je m epi plizyè lòt kanpe pou yo tann mwen pare menm pou yo tape m sou do men. Pafwa, yo banm li ak fòs. Pafwa, dousman. Moun ki te bouche je m lan lage m lè m finn resevwa tap la pou m ka cache moun ki banm kou a. Si premye moun nan se te li menm l ap pran plas mwen an. Si se pa li menm l ap pase m yon lòt tap pou akizasyon mwen fè sou li. Se sa ki rele akizasyon koute chè. Pafwa, ou kapab pase anpil tan ou pa janm pran yon moun, men se te amizan. N ap ri, n ap fè bri e n ap manje pou nou pase moman an.

*Lago kache* menm se te afè pa m. Mwen te renmen l anpil. Pafwa, kote m al kache a yo pa ka jwenn mwen. Lè sa a, mwen tou dòmi kote m ye a. Chache m yo pa janm jwenn mwen. Rele m, m pa janm reponn, paske mwen, se dòmi m ap dòmi jouk yo finn jwe. Lè yo resi jwenn mwen an, mwen te gen tan sou nenpòt 20 somèy. Moman sa yo make m e yo manke m. Yo te pèmèt mwen konn tèt mwen e kreye koneksyon ant timoun ak timoun san diskriminasyon. Mwen toujou jwi vakans mw avèk anpil bonè. Depi premye jou lekòl la, se vakans ki nan tèt mwen paske se la plezi a te ye.


Rès souvni an →

Men, vinn pa gen twòp amizman ankò. Lè m ap konpare jan moman vakans te ye lontan ak sa ki la jodi a, se lannwit ak lajounen. Vakans se te lajwa, gete ak plezi nou te konnen an konvèti an prizon kounyè a. Tout moun oblije rete lakay yo paske pa gen posibilite pou yo deplase sou tè papa Dessalines nan. Bliye vakans an pwovens, bliye al wè tonton ak matant, nou chak nan selil nou, n ap tann si bandi vle. Nouvèl jenerasyon yo p ap fè bèl eksperyans sa yo e sa fè tris.

Mwen espere yon jou timoun yo ap jwenn tradisyon ak plezi vakans mwen te viv nan anfans mwen yo. Mwen te vrèman apresye yo anpil. Vakans se te bonè, vakans se te libète, vakans se te manje mango, vakans se te benyen nan rivyè, vakans se te kan dete, vakans se tout sa nou pèdi, vakans se bèl souvni ki ale e ki p ap tounen.

Men kwè gen yon jou se pa mwen sèlman k ap di mwen te konn viv bèl vakans. Men timoun k ap vini yo pral kapab gen posibilite pou viv vakans mwen te konnen yo, e petèt pi bèl toujou.

**Junia MONNAY**







Kredi foto : robbly-rob-photography

## *Lòt bò rivyè a!*

Si se pou souvni dantan, mwen chaje kou legba. Toutfwa, gen ladan yo ki pi dwòl pase lòt. Yo pa chita sèlman sou moman kè kontan, men menm nan moman ki pi sonb nan adolesan m istwa sa yo te toujou fè m griyen dan m.

Lòt bò rivyè a se yonn ladan yo e se la tout bagay te konn pase !

Mwen sonje lè m te nan 13 jiska 16 lane, mwen pat gen libète menm jan ak anpil timoun sou katye yo. Men mwen te toujou gen chans pou m te jwe mab, elastik, zikòs, kat, domino, elatriye. Tout jwèt sa yo, mwen te konn jwe yo nan 2 okazyon : 1) lè yon kouzenm te soti pòtoprens vinn pase vakans ak nou e 2) lè mwen te konn al kay yon tonton papa m ki te abite a 2 minit de lakay la. Se te yon gran lakou ki te chaje ak jèn gason ki te kondisip mwen tou. Dayè, nou te prèske gen menm laj.

Mwen gen anpil pou m ta di sou jwèt mwen mansyone yo. Men kite m rakonte nou *Lòt bò rivyè a*. Mwen twouve se yonn nan pi bèl paj listwa lavi m. Nan katye lakay mwen, a 15 minit a pye, gen yon rivyè ki travèse l. Rivyè sa a pa gen dlo pandan tout ane a. Lè w tande dlo sa a desann, se te plezi tout ti jèn sou katye a. Se te la a tou pou jèn gason yo gen chans rankontre tout bèl jèn fanm sou katye a ak sa ki ozalantou yo san prezans paran yo.

Depi li fè 8è oubyen 9è nan maten, majorite jèn gason sou katye a te toujou reyini sou yon tèren foutbòl. Se te rityèl nan maten ak nan sware nou. Nou antrene ansanm, jwe ansanm, menm goumen tou lè nou yonn pa konprann lòt. Nou te toujou kwè nou pral fè yon gwo karyè nan foutbòl. Bon! Rès koze a pou listwa. Aprè nou finn jwe bò 11è, mwen menm ak patnè m yo pran direksyon pou ale benyen nan rivyè a.

Avan nou ale nan rivyè a, nou pase al pran marinad, pate, sosis, pikliz, elatriye nan men yon zanmi nou sou katye a. Aprè sa, nou pase al chache kann nan men yon vwazinay ki te konn ap vann kann ki soti nan jaden li osinon li achete an gwo nan mache Dezam.

Nou pran wout la. Solèy cho, n ap manje fritay, manje kann tout nan wout la. Sa m bliye di nou, si se nan epòk mango, nou pran yon poz anba pye mange yo epi manje. Ou pa bezwen panse ak sa w panse a, aaaa. Se pye mango fanmi oubyen zanmi fanmi nou, nou te gen dwa rantre jan nou vle pou n al keyi epi manje. yo te jis entèdi nou fè gaspiyaj.

Lè nou rive bò rivyè a, nou jwenn tout kalite moun e tout klas. Pat gen afè mwen se entèl, tout moun se te moun bò rivyè a. Mwen te renmen chita sou yon gwo wòch ap gade medam yo k ap lave ak mesye yo k ap fè jako pye vèt. Nan epòk sa a, anpil jèn gason te pè apwoche medam yo. Lè konsa, nou fè anpil bri, pale fò, bay blag san sans epi griyen dan nou. Tout sa, yon fason pou nou atire rega medam yo.

Mwen bliye di nou sa. Lòt bò rivyè a se la ou te konn ap wè lafimen ap monte al di syèl la bonjou. Prèske tout jèn fanm ki vinn lave mache ak chodyè, diri, pwa, somon oubyen aran, elatriye pou kwit manje pou yo manje. Lè manje sa yo finn kwit, sa depan de kijan mesye yo fè medam yo ri, yo konn ba nou manje. Mwen se ra moun ki konn akspete paske mwen pat konn manje ke lakay mwen oubyen sa mwen achte. Jiska prezan, se yonn nan defo moun konsidere mwen genyen.

Si pa malè yonn nan medam yo wè yon nèg li renmen nan mitan nou, li tou deside pa manje jiskaske nou ale. Lè konsa, gen nan

nou ki deside fè plis tan ke sa nou te gen abitud fè. Sa ki bèl lòt bò rivyè a, te konn gen anpil jaden kann ak jaden mayi. Lè konsa, mèt jaden yo, lè yo sou bon san yo, yo te konn chwazi bay mayi ak kann ak jèn medam ki t ap lave nan rivyè a. Se te epòk moun te konn sa k rele viv an kominote.

Sa ki te konn enteresan tou, se moun ki pa pote bagay pou yo te fè manje. Moun sa yo te toujou gen chans jwenn moun k ap soti nan jaden, k ap pote yon seri de lam rèk ak kokoye, ki te konn chwazi ba yo kèk lam pou yo boukannen. Lòt bò rivyè a se pa sèlman manje, bay blag e fè jako pye vèt. Nou te konn ap asiste ak jèn k ap monte kap. Sa ki bèl nan sa, se lè jèn sa yo deside mete jilèt nan ke kap la pou yo te ka bay ke pwason. Sa ki pwason an menm? Se lè yon moun deside bay kap li a fil epi li rive bò kap pa yon lòt li fè ke a, ki gen jilèt la, koupe fil kap lòt la. Souvan, batay konn mete pye.

Lòt bò rivyè a tou, se la premye ti bèk te konn tonbe. Yo rele sa ti bo anbachal. Se la tou, anba touf mayi a oubyen touf zèb yo, jèn gason ak jèn fanm te konn bay ak pran premye batèm yo. Ou gentan konprann sa m vle di a. Se la tou, manman jèn fanm te konn vinn chache yo ak gwo bout baton.

Mwen sonje yon jou, nou te bò rivyè a, mwen ak kouzen m t ap byen pran plezi nou. Nou t ap fè soperye nan dlo a, monte anlè, sote nan dlo a. Mwen pat konn naje, se poutèt sa, mwen te toujou ap chache kote ki pa fon pou m antre. Yonn nan bagay ki te dwòl nan rivyè sa a, anpil moun te pè rantre ladan paske moun sou katye yo te konn ap rakonte istwa moun ke mèt dlo a konn pran, sa vle di moun ki te konn disparèt nan dlo sa a. Eske se vre? Mwen pa konnen.

Pandan n ap benyen byen serye, se tandè mwen tandè manman jèn fi a ap rele l. Li ak yon gwo bout baton nan men li. Li kòmanse joure paske li tandè pitit li a ak yon malbourik nan rivyè a. Mwen

tonbe griyen danm paske lè istwa sa yo rive se zam li banm pou m defann tèt mwen nan moman fawouch yo.


Kouzen m nan ak jèn fi a pa ka fè bri. Yo tou 2 a te nan rivyè a, men nan yon kwen. Nan kwen yo te ye a te gen kèk pye bwa ki ba e ki te gen anpil branch ki bay sou rivyè a. Yo te anba branch bwa sa yo. Si w pa founi je pou w gade byen, ou p ap wè yo. Mwen pa konn sa k pase, gen yon moun ki di, men yo anba branch bwa a. Sa w tandè a, manman an pran yon seri de wòch epi li di si nou pa soti, m ap vide wòch sou nou. Tout moun pran kouri. Kit ou te nan koze a, kit ou pat nan koze a. Dam sa a te gen 2 defo : li radi e li te anraje.

Kouzen m nan pran kouri, manman jèn fi a tonbe kalonnen l kout wòch. Moun sou de ran ap griyen dan yo. Sa w tandè a, koze a gaye nan katye a. Se pat premye fwa, dam sa a vinn chache pitit li a nan yon istwa konsa. Sèl bagay nou pa ka nye sèke nan peryòd sa a, paran yo te pran responsabilite yo pou anpeche timoun yo tonbe nan tout deriv sosyete nou an ap fè fas kounyè a.

*Lòt bò rivyè a vle di anpil bagay : kè kontan, amizman, amitye ak anpil moman dèy tou. Mwen pa ka finn rakonte souvni sa a san mwen pa wete chapo m devan tout nanm ki pèdi lè rivyè sa a desann ak fòs. E an menm tan tou, Lot bò rivyè sa a raple nou responsabilite granmoun yo te genyen nan voye je gade sou kòman timoun yo t ap aji nan sosyete a.*

Se poutèt sa, mwen kwè ke granmoun yo dwe asime respoonsabilite yo pou yo oryante timoun yo nan aksyon yo andedan sosyete a. Mwen espere ak travay n ap fè Ayiti tounen yon espas vivab pou chak grenn pitit li yo. Ke lespwa ak enèji ki te travèse zansèt nou yo kontinye gide nou chak jou nan lespri pou bay Ayiti granmounite l.

*Jean Marc Esterlin*



# Nèf pou nèf...

Tankou anpil nan nou kòm Ayisyen, mwen te viv anpil bon moman nan zafè jwe lè m te piti. Men, mwen twouve li pi enpòtan pou m manifeste kontantman pou yon bagay ki te make m lè m te gen 12 a 13 lane. Se poutèt sa, souvni pa m nan p ap long, men se kèk liy pou ekspri rekonesans mwen anvè antouraj mwen.

Pi bèl souvni mwen genyen pandan m ap grandi, se lè mwen te gen 13 lane. Mwen te apèn finn desann sètifika, mwen ta pral rantre nan segondè. Paran m yo te toujou fè anpil jefò pou satisfè bezwen m, malgre mwayen yo te limite.

Depi nan vakans, tout timoun te gentan konnen si y ap gen bagay nèf pou rantre lekòl la, tankou soulye, valiz, inifòm, elt. Men pou bò kote pa m, se te diferan paske bagay la pat fasil. Paran m yo pat janm gen gwo klou pou koke makout yo. Men mwen pat yon timoun ki egzijan, mwen te konnen kote djakout yo te ka rive. Se poutèt sa, mwen pat mete espwa ke materyèl pou m rantre lekòl yo t ap bagay nèf menm jan ak pa lòt timoun yo. Gen yon pwovèb ki di *se lè tèt koupe li pèdi espwa l ap mete chapo*. Mwen pat janm dezespere. Sa yo pat janm fè m rate yon jou lekòl paske mwen te toujou kwè ak konesans mwen ka jwenn trip founi.

Pandan m finn prepare lespri m pou m al lekòl la janm kapab, gen yon bagay ki rive ki chanje lavi m pou toujou e chanje pèsèpsyon mwen te gen de moun nan kominote a. Nou pa mande m koze, se rete mwen rete, yon bon Abitan ki frape pot lakay la e bay paran m lajan pou achete tout sa m te bezwen pou m rantre lekòl la. Aksyon sa a se te yon aksyon

moun ki konstwi, yon aksyon ki te gran jiskaprezan ki make m e ki motive m pou m kontinye fè byen tout tan mwen kapab.

Paran m achete valiz, soulye, e latriye pou rantre lekòl. Sa w tandè a, se te premye fwa mwen te ale lekòl avèk valiz nèf, soulye nèf, liv nèf. Menm paran m te kontan wè kijan mwen te bwodè, se te yon fyète pou yo tou paske yo te toujou gen volonte a, men mwayen yo pat pèmèt yo. Anpil fwa, se vwazinaj ki te konn ba l bagay dezyèm men pou pitit li yo.

Premye jou lekòl sa a, mwen mache teke tèlman mwen pat anvi soulye a touche tè. Moun pat ka touche m menm pou yo pa sal inifòm nèf mwen an. Mwen t ap mache ak fyète. Lè tout timoun ap montre tout bagay nèf manman yo achete pou yo, se premye fwa ke mwen menm tou mwen te ka montre pa m yo. Se te pi bèl ane lekòl mwen te pase paske nèf pou nèf, mwen te fè gòl.

**Nadine FRANCILLON**



Kredi foto : Canva



# Anperè a nan vale a !

M sonje lontan, bon vye tan, te gen anpil degoutans. Men, anfans mwen pat pèmèt mwen nan rans ak lafrans.

Fòk nou pa bliye mwen te gen yon anfans ki diferan paske se te nan peryòd esklavaj, kote bòt fere t ap toupizini nou. Men malgre sa mwen sonje jan sa te ye.

Mwen te gen yon anfans ki te chaje defans. Mwen sonje jan mwen menm ak pye bwa yo te fè yon sèl. Plezi m se te moute bwa, mache sou branch yo, pou m ap gade lòt bò rivyè yo. Mwen te renmen chare zwazo yo, e pandan m ap chare yo tant Tòya chita anba raje a ap obsève m.

Pi bèl souvni m, se te bò yon rivyè nan San yo, se la ki te ti malis mwen. Lè m ap tire kata epi tant Tòya ap voye grenn wòch sou mwen pou m ap evite wòch yo rive sou mwen, epi an menm tan pou n ap veye si bòt fere yo p ap rive sou nou. Se te bèl bagay paske se te yon preparasyon ki te chaje emosyon e ki te vinn banm fòs pou m kite nasyon sa a pou nou.

Men te gen anpil souvni, tankou lè solèy la pral pase anba lanmè, li kòmanse nan jelis, mwen ak tant Tòya antre nan rak bwa yo. Mwen ranje kabann mwen sou yon pye sikren byen wo, avan sa, fòk mwen chache pay banann pou m fè kabann pou tant Tòya dòmi avan. Men, mwen te toujou gen yon bagay mwen t ap veye. Se lè li fè twa zè nan maten pou m tandè yon vwa kap di Issa, Issa leve fout pou w vinn aprann tire epe. Lè sa a, mwen kouri desann

pye sikren an paske mwen konn ap obsève jan yo ap maltrete nwa yo, e mwen souvan di depi m konn tire epe m ap ka defann yo. Lè sa a, plezi a se jan m ap tire epe nan mitan bwa yo, se fyap, fyoup epe ap antre, se te bèl moman.

Men, moman ki te plis make m se lè mwen rive nan zòn Batis, pou m ap kache anba kafe, nan touf zèb tankou tchit pou bòt fere yo pa wè m. Te gen anpil plezi, sitou lè sa a se antrènman li te ye pou mwen. Mwen pase tout moman sa yo san manje bagay ki kwit nan chodyè. Inik kay nou te genyen se te touf zèb yo, raje yo, se la nou fè tout bagay. Tant Tòya te toujou ap kouri dèyè m pou m antrene paske li te toujou di m : an se konsa w ap kale je w gade jan yo ap kòchè frè parèy ou yo, ou p ap fè anyen pou yo?

Pafwa lè m fè dezòd, m pa vle tant Tòya bat mwen, m ale kay Grann Gitonn kite gen kay li nan yon twou wòch. Se la li kache m, epi li konn ap chante yon ti mizik ki di konsa : *Tegbessou ooo voye je gade li, Tegbessou ooo pa kite yo wè li, Tegbessou wa ba li fòs ooo pou li vanje yo, se ou ki mennen l isi a, papa Tegbessou Issa nan men w.* Lè sa a, mwen santi m gason.

Nan nwit, mwen te konn konte etwal. Premye etwal ki parèt anlè a, veye linn nan , konte pye bwa obsève nati a, e mwen jwenn tout fòs mwen nan raje sa yo. Pat gen telefòn, pat gen gade televizyon, pat gen radyo, lè tant Tòya pa wè m e li bezwen konn kote m ye li soufle *klodora*



*toutouou*, epi mwen reponn *pyouou*. Klodora a se men w ou mete ansanm epi ou fè van soti nan bouch ou pase nan yon ti jwen pou son an ka soti.

Se te bèl bagay, kote tout panse m depi m piti se te lite pou m retire moun nan move lavi, pou m rann moun viv ak diyiti. Moman sa yo manke m paske m wè pa gen soufle *klodora* ankò, pa gen mawon anba raje pou fè konplo ankò, pa gen monte pye bwa ankò pou veye bòt fere k ap pase, pa gen dòmi nan seren ankò pou nou jwenn rezistans, pa gen kache nan twou wòch ankò, pa gen manje nan kako ankò.

M ap tounnen !

**M.A.L.E**





Asby

Kredi foto : Facebook Thòya

## Layite w THÒYA!

Nan lakou lakay, bagay yo pa janm fasil, sitou pou sila yo ki gen peristil, oubyen ki konn fè fil pou travay ak kilti nou pou konstwi moun ki ka itil demen. Gen moun ki tande mo onè sèlman lè lapli tonbe peyizan paka travèsè rivyè yo oblije frape nan baryè w pou di onè. Konsa tou gen moun ki pakyè menm lè yo pa jwenn onè ni respè nan men fèzè ki toujou itilize vè pou fè wè.

Fanm ki soti nan gran lakou pa janm kanpe tann felisasyon pou fè aksyon. Fanm ki p ap tann banjou kase toujou prè pou travay menm ke se ak dife pay. Fanm k ap graje mayi pou fè doukounou toujou gen fòs pou fè konstriksyon. Fanm k ap bat nay anba kay pay pa pè lawouze ni farinay pou fè lespwa boujonnen. Bò lakay nou pa gen anpil, pandan w ka wè yo pil sou pil men yo pa gen angrenay THÒYA.

THÒYA ka toujou anba pay paske l pa yon sekstòy. Ou ka toujou wè fay kay THÒYA paske li pa nan may, li plis kwè nan travay pou fè fas ak tray moun ap pase anba lakay. Ou p ap jwenn THÒYA ap pale nan palè paske l pa gen kè ak fyèl pou li fè chèlbè sou moun k ap koupi nan mizè.

Yo p ap wè THÒYA kòm palemantè paske l pa gen tan l ap travay latè. Pa panse y ap wè THÒYA kòm senatè paske l pa soti nan kabinè. Li prefere rete kiltivatè nan chache watè pou fè angrè pou angrese latè pou fè bon mayi, bon kalalou, bon joumoun pou touye vè nan vant moun k ap pase mizè.

THÒYA, mwen pa kwè se moun w ap jwenn nan ministè, se pa paske l pa gen batistè, men petèt li ka pa gen kapasite yon bon mantè. THÒYA se pa moun w ap jwenn nan fèzè paske l pa gen tan l ap chache dezè - pa pou fè jèn men - pou li fè fleri pou n ka jwenn bon jan lawouze pou nou taye banda.

Onè respè pou ou THÒYA

Mèsi THÒYA paske w pa yon payaya

Ayiti bezwen anpil THÒYA pou retire timoun nan dezespwa

Nou bezwen yon peyi ki gen plis THÒYA ke moun k ap charabya anba tafya

Nou bezwen anpil Pè THÒYA, melanje ak pastè THÒYA, Pwofèt THÒYA, medya THÒYA ak plis kabinè THÒYA pou pote bon jan enstriksyon, ki pa fè eksepsyon, ki aji tankou THÒYA nan fè edikasyon pou konstwi yon jenerasyon k ap pèmèt nou jwenn solisyon pou fè yon nasyon.

Nou pa bezwen linèt pou nou wè si nou ta prije tout minis ki bò palè, direktè ki soti nan kabinè, palemantè ki t ap eseye pale fransè ak tout politisyen dwat e goch sanpidè pa ka bay yon ti kiyè THÒYA.

Gade THÒYA

Ale THÒYA

Pale THÒYA

Layite w THÒYA

Male THÒYA, mwen pa gen vwa pou m di w orewwa.

*Pierre-Jean Marc*  
*Eric*  
*Bruno*  
*Sterlin*

# Ayiti ka bèl!

Sonje lontan lè Ayiti te paradi;  
Se te yon peyi, lapèl dèzanti.  
Pou si tèlman l te gen yon bèl nati;  
Se te plezi tout tan san manti.

Lèswa tifi k ap jwe marèl;  
Lago kache, se pa ti rèl.  
Se tou pa tou ou tande tout rèl;  
Wouch! Lontan vi sa te bèl.

Lago kache tout moun ap kouri;  
Nan tire kont bay devinèt, tout moun ap ri.  
Se te lajwa ki t ap fleri;  
Nan kè tout moun ki t ap grandi.

Lontan tout timoun te sou lòd;  
Pat gen kesyon ala mòd.  
Nou te konn sote kòd;  
Sèl li nou te gen kòm modòd.

Timoun yo ki te konn jwe chandmas,  
Jèn gason ak fanm t ap voye nas.  
Yon plezi ak yon souvni inoubliyab,  
Tout moun t ap danse twoubadou menm sa ki gen bab.

Ayiti p ap peri menm lè li poko fleri.  
L ap rejwi menm ke l ap souffri.

Nou gen yon peyi ki chaje nègès, se pa ti richès.  
Ou pèdi bèlte w vre, men sa pa anpeche w sanble ak marabou!

Ayiti, si tout bon vre fanm se kajou degaje w repare paske nou bezwen w! Ayiti se yon peyi ki chaje kim lanmè, kote montay nou yo ap voye pay nan rivyè. Yon peyi menm nyaj pa ka bare bèl plaj nou yo. Ayiti kote vizaj nou fè yon sèl ak peyizaj yo, sitou lè n ap bwè bon dlo kokoye. Ayiti, ou pa bezwen sou pou w tande kadjabosou paske se tè Ogou, se tè kote esklav tounen Anperè.

Ayiti ka bèl si nou deside fè l ak tout kè nou.

Ayiti, n ap bon!

*Wishlove DAVID*





## KONKLIZYON

Kòdinasyon jeneral *M.A.L.E* koube li byen ba devan w ki te fè vwayaj sa a ak nou. Nou koube nou byen ba tou pou remèsye tout konpatryòt ki konprann sans batay nou an e ki adere nan menm misyon sa ke zansèt nou yo kite pou nou : pwoteje bèl eritaj yo te sakrifye vi yo pou kite pou nou, Ayiti.


Kòdinasyon jeneral *M.A.L.E* konsyan de kafou fènwa peyi a twouve l. *M.A.L.E* konprann libète nou, diyite nou, endependans ak granmounite nou menase. Men nou konnen e kwè ke *Joumou pa konn donner kalbas*. Li t ap fò e difisil pou nou ki soti nan ras gason ak fanm vanyan, tankou Anperè Jacques Ier (Jeni ras la), Boisrond Tonnerre, Makandal, Dumarsais Estimé, L'Agbaraya Tòya, Tant Sesil Fatima, Grann Giton, Mètrès Thòya, pou n ta kwaze bwa nou ap gade tout sa yo te kite pou nou ap pati nan lafimen devan je nou pou n pa ta fè anyen. Se poutèt sa, nou pran angajman nou nan travay pou konstwi Èt Ayisyen an pou rebati Ayiti.

Travay sa a, se yon travay memwa ki dwe rete kòm achiv pou sila yo ki pat gen tan viv yon Ayiti ki te ka ba yo anvi viv e mouri pou li. Ke souvni sa a yo fè nou kontinye reve, kontinye travay ak konviksyon e kontinye goumen pou nou kapab rive reyèlman Konstwi Ayisyen pou ka rive rebati Ayiti.

Ke fòs kosmos yo kontinye pwoteje nou e sila ki ale deja yo ak sila ki la pami nou yo ba nou enèji e klere chimen nou pou nou kapab kite yon Ayiti ki gen granmounite l pou jenerasyon k ap vini yo!

Onè respè pou ZANSÈT nou yo!





Kredi foto : roby-rob-photography



ROB PHOTOGRAPHY



@ROBBY\_ROB\_PHOTOGRAPHY

Kredi foto : robby-rob-photography



*Robby Rob*  
Photography

# Merci



**Shanna  
JACQUET**



**Harry  
LOCHARD**



**P. Smadone  
LUZINCOURT**



**Alain  
Mackendy  
JOSEPH**



**Emmanuella  
PARISIEN**



**Marcus DAVID  
BIEN AIME**



**Fabiola  
LOUIS**



**Pierre-Erick  
BRUNY**



**Junia  
MONNAY**



**Jean Marc  
ESTERLIN**



**Nadine  
FRANCILLON**



**Wishlove  
DAVID**

# Merci

AYITI SE BÈL MOUN  
MOUN BÈL NANM  
MOUN KI GEN BON KÈ  
MOUN KI MANBRE

M.A.L.E



# Merci



**M.A.L.E**  
Mouvman Ayisyen Lib e  
Endepandan



**Robby-  
Woodson  
Estiverne**

# MÈSI !

Mèsi dèske ou te fè  
vwayaj la ak nou, ou rive  
a destinasyon!  
Pa bliye rete an kontak  
ak nou paske nou gen  
anpil lòt vwayaj pou n fè  
ankò!

jm-esterlin  
male\_ayiti  
@2024